


Pwojè Amelyorasyon Sekirite Main Street

Limit Pwojè



Limit Pwojè: Massachusetts Avenue rive Portland Street

Vil Cambridge ap fè chanjman nan Main Street:

-  Enstale liy bisiklèt separe nan toude direksyon yo
-  Amelyore pwen travèse yo pou pyeton
-  Diminye kantite espas pakin yo jiska plis pase 50%
-  Abòde sekirite nan entèseksyon yo

Kalandriye Pwojè

Nan chak faz, ou ka patisipe nan yon reyinyon kominotè, bay fidbak sou entènèt, epi kontakte jesyonè pwojè a.

Faz 1 Entwodiksyon

Nou pa t gen yon konsepsyon. Nou te prezante pwojè a bay kominote a epi nou te resevwa fidbak sou kondisyon aktyèl yo.

Mas 2023 pou rive
Fen Me 2023

Faz 2 (Nou la!) Fidbak sou Konsepsyon

Aprè nou te fin tande fidbak sou fason w itilize lari a, nou te vini ak konsepsyon preliminè yo. Nou prezante konsepsyon sa yo epi n ap rasanble fidbak.

Jen 2023 rive
Otòn 2023

Faz 3 Finalize + Enstale

Fidbak ou pral ede nou kreye yon konsepsyon prefere. Nou pral mande w opinyon w sou nouvo konsepsyon an, fè dènye chanjman sou baz fidbak, epi enstale pwojè a.

2024

Jwenn Plis Enfòmasyon

www.cambridgema.gov/MainStreetSafety

Sit entènèt
pwojè a:





Kontakte Jesyonè Pwojè a

Stephen Meuse | smeuse@cambridgema.gov | 617-349-4713

Kisa Liy Bisiklèt Separe yo ye?

Ak kisa liy bisiklèt separe yo sanble?

- Liy bisiklèt yo anfas twotwa a, akote twotwa a.
- Si liy bisiklèt yo akote pakin, liy bisiklèt yo ant machin ki estasyon yo ak twotwa a.
- Liy bisiklèt yo separe ak pakin epi liy sikilasyon yo avèk yon poto fleksib blan.
- Espas sipleman tè ant liy machin ak liy bisiklèt yo ede anpeche moun louvri pòt machin yo sou moun k ap monte bisiklèt.
- Poto yo anpeche moun pakin machin yo nan liy bisiklèt la.




Poukisa nou oblije retire pakin?

- Liy bisiklèt separe yo pi laj pase liy bisiklèt estanda yo.
- Pati sa a nan Main Street twò jis pou li resevwa tou de liy bisiklèt separe yo ak de bò pakin.

Poukisa Cambridge ap ajoute liy bisiklèt separe yo?

- Nou vle li an sekirite ak konfòtab pou tout moun monte bisiklèt nan Cambridge. Pou ede, n ap konekte destinasyon enpòtan yo lè n sèvi avèk liy bisiklèt separe yo.
- Diminye risk blesi pou moun k ap monte bisiklèt.
- Ankouraje vitès machin ki pi dousman, fè lari a pi an sekirite pou tout moun.

Rezo Bisiklèt la



Pwen kle: — Mwens Kantite ak Vitès — Pi gwo Separasyon — Pakou ki pa nan Lari (Ri Priorite Bisiklèt)

N ap kreye yon rezo pou monte bisiklèt ki an sekirite, konfòtab, konekte ak ki santre sou moun. Sa a ede plis moun chwazi monte bisiklèt si yo ta renmen fè sa.

Poukisa Main Street?

- Konekte rezidan yo ak vizitè yo nan magazen an detay, travay, pak, ak plas piblik
- Konekte Kendall Square ak Central Square
- Konekte moun k ap monte bisiklèt nan lòt liy bisiklèt ki separe

The Cycling Safety Ordinance

The Cycling Safety Ordinance, Cambridge City Council (Konsèy Minisipal Vil Cambridge) te adopte, egzije Cambridge pou enstale apeprè 25 mayls liy bisiklèt separe anvan Avril 2026.

Sa gen ladann:

- Tout Massachusetts Avenue
- Garden Street (nan direksyon lès Huron Ave rive nan Berkeley St, nan direksyon lwès soti nan Mason St rive nan Huron Ave)
- Broadway (Quincy St rive Hampshire St)
- Cambridge Street (Oak St rive nan Second St)
- Hampshire Street (Amory St rive nan Broadway)
- 11.6 mayls nan lòt lari yo (ki soti nan Bicycle Network Vision (Vizyon Rezo Bisiklèt), ki gen ladan Main Street)



Yon liy bisiklèt separe nan Brattle Street

Konsepsyon Lari nan Cambridge



Nou fè konsepsyon pou moun tout laj ak kapasite.

Lari, twotwa, ak liy bisiklèt nou yo ta dwe adapte pou:

Moun tout laj:

- ▶ Timoun yo
- ▶ Granmoun aje

Moun ki sèvi ak diferan kalite aparèy pou deplase:

- ▶ Scooter pou deplase
- ▶ Bisiklèt adaptasyon
- ▶ Chèz woulant
- ▶ Pousèt
- ▶ Bisiklèt kago
- ▶ Ak plis

Moun ki pa gen aksè a yon machin:

- ▶ Ka pa kapab kondwi
- ▶ Ka pa vle kondwi
- ▶ Ka pa kapab gen mwayen pou kondwi

Nou fè konsepsyon lari pou deplase moun ak machandiz yo yon fason efikas.

- Monte bisiklèt ak transpò piblik se yon itilizasyon pi efikas de espas limite lari a pase itilize veyikil pèsònèl yo.
- Nou fè konsepsyon enstalasyon ki an sekirite ak aksesib, ki gen ladan liy bisiklèt, ke yon pakèt moun ka itilize, jèn kou granmoun.
- Nou panse sou fason pou pèmèt aksè san danje pou kamyon yo ak livrezon lokal yo.
- Espas piblik nan lari yo ka itilize tou pou lòt rezon, tankou dine deyò oswa rasanbleman piblik.



Imaj: Kantite espas lari ki okipe pa menm kantite moun ki nan yon bis, sou bisiklèt, ak nan veyikil ki gen yon sèl moun ki ladan l


Fason nou reflechi sou blokis ak reta veyikil:

- Deplase moun dousman se deplase moun san danje.
- Li pi enpòtan pou rann lari nou yo pi an sekirite pase pou elimine reta pou moun k ap kondwi yo.


Pwojè Amelyorasyon Sekirite Main Street

Opsyon konsepsyon: Ekstansyon Sidney Street rive Windsor Street

Opsyon 1: Pakin sou bò nò sèlman (9 espas pakin)



Opsyon 2: Pakin chanje bò nan Cherry Street (13 espas pakin)



Chanjman Pakin

	Kounye a	Opsyon 1	Opsyon 2
Espas Total	26	9	13
Pèmi	0	Rete pou deside	Rete pou deside
Chajman	2	Rete pou deside	Rete pou deside
Mèt	23	Rete pou deside	Rete pou deside
Aksesib	1	1	1

Sou ki bò lari pakin nan ta dwe ye?

Ki kalite pakin/chajman ki enpòtan isit la?

Kisa ki pi enpòtan: kantite oswa lokal espas pakin yo?

Kiyès ou prefere? Mete yon otokolan pi ba a

Opsyon 1:

Pakin sou bò nò sèlman (9 espas pakin)

Opsyon 2:

Pakin chanje bò (13 espas pakin)

Sondaj sou entènèt pou sa ki pi wo a disponib tou: camb.ma/mainstreetsurvey


Sit entènèt pwojè a:




Pwojè Amelyorasyon Sekirite Main Street

Opsyon Konsepsyon: Windsor Street rive Portland Street


Opsyon 1: Pakin sou bò nò sèlman (19 espas pakin)



Opsyon 2: Pakin sou bò sid sèlman (29 espas pakin)



Opsyon 3: Pakin chanje bò nan Osborn Street (22 espas pakin)



Chanjman Pakin

	Kounye a	Opsyon 1	Opsyon 2	Opsyon 3
Espas Total	50	19	29	22
Pèmi	32	19	29	22
Chajman	1	0	0	0
Mèt	27	0	0	0

Manm kominote yo te di nou ke tout espas nan seksyon sa a ta dwe gen pèmi pakin.

Konsidere sa ki pi enpòtan an:

- Kantite total espas
- Espas ki sou menm bò lari ak kay yo
- Konsepsyon / plan espas yo

Kiyès ou prefere? Mete yon otokolan pi ba a

Opsyon 1:
Pakin sou bò nò sèlman
(19 espas pakin)

Opsyon 2:
Espas pou sou bò sid sèlman
(29 espas pakin)

Opsyon 3:
Pakin chanje bò
(22 espas pakin)

Sondaj sou entènèt pou sa ki pi wo a disponib tou: camb.ma/mainstreetsurvey

Sit entènèt pwojè a:

